

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dina ieu bab dipedar kacindekan tina hasil panalungtikan kalayan nyoko kana tujuan anu geus dirumuskeun leuwih ti heula, nya éta mikanyaho kamampuh ngalarapkeun éjahan, ku cara tés nyieun karangan éksposisi jeung menerkeun karangan.

Tina hasil analisis bisa dicindekkeun yén: tina 35 siswa, 8 siswa kaasup katégori alus pisan (nya éta no: 12, 13, 14, 16, 17, 18, 19, jeung 20), 17 siswa kaasup kana katégori alus (nya éta no: 3, 5, 6, 7, 8, 9, 10, 11, 15, 21, 22, 23, 24, 26, 27, 30, jeung 34), 7 siswa kaasup kana katégori cukup (nya éta no: 1, 2, 4, 25, 29, 32, jeung 35), 2 siswa kaasup kana katégori kurang (nya éta no: 28 jeung 33), jeung 1 siswa kaasup kana katégori goréng (nya éta no: 31). Jadi karangan éksposisi nu teu qualified ukur 8,5 % sésana nyumponan kana 60 % ngawasa kamampuh ngalarapkeun éjahan, mun dipersentasekeun 91,5 %.

Jumlah kecap nu dipaké dina sakabéh karangan aya 5777 kecap, nu kabagi kana 3363 makéna aksara, 524 nuliskeun aksara, 1079 nuliskeun kecap, 213 nulis unsur serepan jeung 598 ngagunakeun tanda baca. Tina 3363 makéna aksara 2569 kecap merenah, 794 kecap teu merenah. Tina 524 nuliskeun aksara 247 kecap merenah, 277 kecap teu merenah. Tina 1079 nuliskeun kecap 745 kecap merenah, 334 kecap teu merenah. Tina 213 nuliskeun unsur serepan 0 kecap merenah, 213 kecap teu merenah. Tina 598 ngagunakeun tanda baca 448 kecap merenah, 150 kecap teu merenah.

- 1) Kamampuh siswa dina makéna aksara nepi ka 76,4 %, kaasup katégori alus pisan.
- 2) Kamampuh siswa dina nuliskeun aksara nepi ka 47,1 %, kaasup katégori kurang.
- 3) Kamampuh siswa dina nuliskeun kecap nepi ka 69 %, kaasup katégori alus.
- 4) Kamampuh siswa dina nuliskeun unsur serepan 0 %, kaasup katégori goréng.
- 5) Kamampuh siswa dina ngagunakeun tanda baca nepi ka 75 %, kaasup katégori alus pisan.

Kasalahan siswa dina makéna aksara nya éta 23 %, nuliskeun aksara nya éta 52,9 %, nuliskeun kecap nya éta 31 %, nuliskeun unsur serepan nya éta 100 %, ngalarapkeun tanda baca nya éta 25 %. Jadi kamampuh ngalarapkeun makéna aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, jeung tanda baca leuwih hadé tibatan kamampuh nuliskeun unsur serepan. Kasalahan siswa palebah dieu mah, lolobana ngagunakeun basa Indonesia.

Kamampuh siswa dina menerkeun karangan, makéna aksara 47,4 %, nuliskeun aksara 16,7 %, nuliskeun kecap 19,2 %, nuliskeun unsur serepan 1,1 %, sedengkeun dina ngagunakeun tanda baca 15,6 %. Jadi kamampuh siswa dina ngalarapkeun makéna aksara leuwih hadé tibatan nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun unsur serepan jeung tanda baca.

Ditilik tina kamampuh menerkeun karangan siswa nu hasilna alus pisan nya éta no: 3, 7, 17, jeung 20 lantaran dina nulis geus ngabiasakeun ngagunakuen éjahan anu bener. Ditilik tina menerkeun karangan siswa nu hasilna kurang nya éta no: 23, 27, 28, 29, 33, jeung 34, sedengkeun nu hasilna goréng nya éta no: 31.

Ngabiasakeun ngagunakeun éjahan anu bener dina nyarita atawa nulis, gedé pangaruhna kana kamampuh ngalarapkeun éjahan.

Dumasar kana pedaran di luhur bisa dicindekkeun yén siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung mampuh ngalarapkeun éjahan dina karangan éksposisi, lamun dipersentasekeun 69,3 % nyumponan kana 60 % ngawasa kamampuh ngalarapkeun éjahan.

## 5.2 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan sarta tina pangalaman sacara langsung nganalisis karangan éksposisi siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung, nu nulis baris nepikeun saran-saran sangkan kamampuh nulis karangan siswa bisa ngaronjat, saperti disebutkeun ieu di handap.

- 1) Ngabiasakeun ngagunakeun éjahan anu bener mangaruhan pisan kana kamampuh ngalarapkeun éjahan. Guru bisa ngagunakeun buku *Palanggaran Éjahan Basa Sunda* pikeun dijadikeun acuan pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran nulis.
- 2) Saran pikeun guru nya éta siswa bisa parigel dina nulis, lamun guru bisa ngabingbing siswa dina ngalatih kaparigelan nulis sahingga dipiharep kréativitas sarta préstasi dina nulis bisa ngaronjat.
- 3) Aspék anu kurang nya éta dina nyumponan nuliskeun unsur serepan. Ku kituna guru dipiharep bisa leuwih ningkatkeun éta aspék, sangkan pangaruh ngeunaan aturan dina nulis bisa dipikaharti ku siswa.